

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil pedaran dina bab IV bisa dicindekkeun yén tina ieu panalungtikan katitén:

- 1) Kamampuh nulis jeung maca aksara Sunda siswa kelas X di SMA Pasundan I Bandung saméméh digunakeunana média gambar hurup Kaganga, hasilna masih kénéh kurang hadé jeung kurang nyugemakeun. Hasil tulisan siswa masih kénéh loba anu salah dina nulis simbol aksara Sunda, ngalarapkeun rarangkén, jeung dina nulis aksara Sunda dumasar kana bentuk jeung ukuran anu geus ditangtukeun. Lian ti éta, kamampuh maca siswa masih kénéh kurang, hal ieu ku sabab siswa tacan apal kana simbol-simbol dina aksara Sunda jeung tacan ngarti kana tata cara ngalarapkeun rarangkén dina aksara Sunda.
- 2) Kamampuh nulis jeung maca aksara Sunda sabada ngagunakeun média gambar hurup Kaganga hasilna kaasup nyugemakeun. Katitén kamampuh siswa aya parobahan dina nulis aksara Sunda, nya éta siswa geus teu pati loba anu salah dina nulis aksara Sunda, dina ngalarapkeun rarangkén, jeung dina waktu nulis aksara Sunda dumasar kana ukuran jeung bentuk aksara Sunda anu geus ditangtukeun. Lian ti éta kamampuh siswa dina maca aksara Sunda ogé ngalaman parobahan, nya éta siswa geus bisa maca aksara Sunda, bisa

ngalarapkeun rarangkén, jeung maca kalawan maké lentong anu hadé jeung lapal anu jelas. Ku kituna média gambar bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis jeung maca aksara Sunda siswa kelas X di SMA Pasundan I Bandung.

- 3) Aya bédana anu signifikan antara pretés (kamampuh awal) nulis jeung maca aksara Sunda saméméh digunakeunana média gambar hurup Kaganga jeung postés (kamampuh ahir) nulis jeung maca hurup Kaganga sabada digunakeunana média gambar hurup Kaganga. Hal ieu bisa katitén dina uji hipotésis nulis anu nuduhkeun yén $t_{itung} (10,290) > t_{tabel} (2,42)$ dina tarap kapercayaan 99 %. Sedengkeun uij hipotésis maca nya éta $t_{itung} (21,3671) > t_{tabel} (2,42)$ dina tarap kapercayaan 99 %.

Ku kituna, anu jadi hipotésis dina ieu panalungtikan nya éta “Pangajaran nulis jeung maca aksara Sunda ngagunakeun média gambar hurup Kaganga kelas X SMA I Pasundan Bandung bisa ngaronjatkeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda” bisa ditarima.

5.2 Saran

Tina hasil panalungtikan, dipedar sababaraha saran anu mudah-mudahan mangpaat pikeun kamajuan sakola dina ningkatkeun kualitas sakola jeung kualitas ngajar guru dina ngajarkeun pangajaran nulis, hususna dina ngaronjatkeun kaparigelan nulis aksara Sunda. Ku kituna aya sababaraha saran ti nu nulis diantarana nya éta:

- 1) Guru kudu leuwih kréatif dina milih jeung ngagunakeun média pangajaran anu luyu jeung matéri pangajaran anu rék diajarkeun ka siswa. Patalina

jeung ieu panalungtikan, dipiharep jadi motivasi pikeun guru sangkan leuwih kréatip dina ngagunakeun média pangajaran salian ti ngagunakeun média gambar hurup Kaganga dina pangajaran nulis aksara Sunda;

- 2) Kamajuan téknologi jeung élmu pangaweruh bisa dimangpaatkeun salaku alat pikeun kamajuan dina widang pendidikan di Sakola;
- 3) Kagiatan nulis jeung maca aksara Sunda kudu dilakukeun sacara tuluy-tumuluy boh di sakola boh di lembaga-lembaga non kependidikan sangkan kaayaanana teu tumpur sarta bakal leuwih dikenal ku masarakat Sunda;
- 4) Siswa SMA anu tacan lancar dina kagiatan nulis jeung maca aksara Sunda, dipiharep kudu leuwih sering latihan nulis jeung macana sangkan kamampuh nulis jeung maca aksara Sundana bisa ngaronjat;
- 5) Dipiharep hasil ieu panalungtikan bisa jadi panaratas pikeun panalungtik lianna dina widang nulis jeung maca aksara Sunda, contona nya éta ngeunaan pangaruh seringna nulis aksara Sunda kana kamampuh maca aksara Sunda.